



GID OFISYÈL POU
Sikile sou Bisiklèt nan
NYC



nyc.gov/bikes

Enfòmasyon sou Bike Smart

Kounye an se pi bon moman pou monte bisiklèt nan NYC!

Grasa plis pase 1,000 mil enstalasyon pou bisiklèt nan tout vil la ak yon flòt bisiklèt Citi Bike k ap agrandi, depasman sou de (2) wou vin san danje, fasil, pratik ak amizan.

Gid sa a gen ladan tout sa ou bezwen konnen pou monte bisiklèt nan vil la, depi nan ti konsèy debaz pou take bisiklèt ou rive nan fason pou itilize dènye enfrastrikti ki la pou bisiklèt.

Tanpri pran san ou an patikilye pou li espikasyon sou fason pou monte bekann san danje. Kanpay Vision Zero nou an ki gen kòm objektif pou diminye kantite moun ki mouri ak kantite moun ki blese nan aksidan sikilasyon, fè efò tou pou konprann pou ki sa kolizyon rive. Nou kapab evite aksidan yo. 89% nan aksidan ki fèt kote gen siklis ki mouri, rive nan kalfou. Pou kapab pwoteje tèt ou, se pou ou konn kijan pou vire san danje, pou rete lwen ang mò gwo veyikil yo epi pou deplase yon fason ki previzib.




KONSÈY JENERAL	PAJ
Lwa NYC Konsènan Siklis yo	4-5
Konsèy sou Sekirite	6
Kask nan NYC	7
Chèche Moun ki Pa Kapab Wè Ou	8
Lè ou sou Bisiklèt avèk Timoun	9
FASON POU WOULE	
Enstalasyon pou Bisiklèt	10-11
Fason pou Sikile nan Ri Vil la	12
Pa Kite "Pòt Machin Frape ou"	13
Li Wout la	14
Zòn Rankont yo	15
Fason pou Sikile sou Bisiklèt Toupre Gwo Kamyon yo	16
Siyale Entansyon Ou	17
VIRAJ	
Vire: Estil Pyeton	18
Vire: Estil Veyikil	19
Vire: Itilize Zòn nan Entèseksyon yo ki Bay Siklis yo Priorite	20
ESTOKAJ BISIKLÈT	
Fason pou Take Bisiklèt Ou	21
Fason pou Pote Bisiklèt Ou Andedan	22
Resous NYC konsènan Bisiklèt	23

LWA NYC KONSÈNAN SIKLIS YO



**Exercise caution and
yield to pedestrians**

*Pran prekosyon ou epi kite
pyeton yo pase*



**Stop at all red lights
and stop signs**

*Kanpe nan tout limyè wouj ak nan pano arè
yo (STOP)*



Ride in the direction of traffic

*Woule bisiklèt la nan direksyon
sikilasyon an*



**Stay off the sidewalk
unless you're under 13**


*Rete lwen twotwa a, sof si ou poko gen
laj 13 zan*

LWA NYC KONSÈNAN SIKLIS YO



**Use a white headlight
and red taillight at night**

*Itilize yon limyè blan devan ak yon
limyè wouj dèyè leswa*



Use a bell to signal presence*

*Itilize yon klochèt pou siyale prezans ou**

**Siflè ak sirèn yo pa satisfè
estanda NYC yo.*



**Do not wear more than one
earphone while riding**

*Pa mete plis pase yon sèl ekoutè pandan
ou sou bisiklèt la*

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lwa
sa yo ak sou lòt lwa ale sou sitwèb
nyc.gov/bikesmart.

Konsèy sou Sekirite

Swiv konsèy sa yo anplis lwa NYC konsènan siklis yo pou asire ou sikile sou bisiklèt san pwoblèm chak fwa.



Pa itilize telefòn ou lè ou sou bisiklèt.

Si w ap voye tèks oswa si w ap pale pandan w ap sikile sou bisiklèt sa ap lakòz zye ou ak zòrèy ou pa sou wout la.



Fè atansyon a moun ki gen andikap pou mache.

Montre ou previzib ak respektye.



Fè sa ou kapab pou yo wè ou.

Anplis de limyè yo, se yon bon lide pou mete rad sou ou ki briye oswa ki reflechi limyè.

Depatman Transpò Vil New York (NYC DOT) distribiye ak ajiste plis pase 150,000 kask gratis depi ane 2007. Rele 311 pou pran randevou pou yon ajisteman kask!



Kask nan NYC


Mete yon kask chak fwa ou sou bisiklèt ou. Siklis ki mete kask yo gen 72% mwens chans pou yo pran chòk twomatik nan sèvo.

Kask yo fonksyone sèlman si ou mete yo kòrèkteman.




Mete li ba ak anivo.

Mete kask ou anivo sou tèt ou, apeprè de (2) lajè dwèt anlè sousi ou.



Boukle mantonyè a.

Toujou boukle mantonyè a. Mantonyè yo fè yon “Y” toutotou zòrèy ou pou yon bon ajisteman.



Pa mete yon kask ki domaje.

Ranplase kask ou apre nenpòt aksidan ou fè epi kèlkeswa lè ou remake siy domaj ladan.

Kask yo obligatwa dapre Lwa Eta New York pou siklis ki gen laj **13 zan oswa mwens**.

Chèche moun ki pa kapab wè ou!

Gen plis pase 175,000 moun nan Vil New York ki avèg oswa ki gen difikilte pou wè. Pandan w ap sikile sou bisiklèt ou, tanpri siveye moun sa yo. Yo ka pa wè ou k ap vini.




Siveye

Chèche moun ki itilize badin ki long ak wouj oswa ki gen chen pou moun avèg oswa pou sekou.



Tann

Si yo kòmanse mache, kite yo travèse lari a anvan ou deplase. Pa monte bisiklèt bò kote yon moun ki gen yon chen gid, paske sa kapab fè bèt sèvis la pantan.




Avèti

Itilize klochèt ou oswa pale fò pou yo kapab konnen w ap pwoche.

Chèche jwenn plis enfòmasyon sou pwogram
#Cycleyes nan nyc.gov/accessibility.

Lè ou sou Bisiklèt avèk Timoun



TRAVÈSE KALFOU YO KÒT-A-KÒT

**Pou timoun ki
gen laj
13 zan oswa
mwens:**

Pitit ou dwe monte
bisiklèt sou twotwa a
pandan w ap monte
bisiklèt ou nan lari a.

Kite pitit ou deside a ki
vitès li vle ale.

Timoun yo dwe kanpe
nan ale ki devan kay yo
ak nan kalfou yo.

Travèse kalfou yo
kòt-a-kòt.

**Pou timoun ki
gen laj
14 zan oswa
mwens:**

Pitit ou dwe monte
bisiklèt nan lari a pandan
w ap monte bisiklèt
dousman dèyè li.

Kite pitit ou deside a ki
vitès li vle monte.

Montre pitit ou pou fè
viraj nan estil pyeton
(gade paj 18).

Travèse kalfou yo
kòt-a-kòt.

Enstalasyon pou Bisiklèt

Enstalasyon pou bisiklèt Vil New York ki piplis pase 1,000 mil klase nan kat (4) kategori:



Liy Pwoteje pou Bisiklèt

Liy pwoteje pou bisiklèt ki nan lari a pwoteje kont sikilasyon veyikil avèk machin ki estasyon oswa avèk baryè fizik. Pis pou bisiklèt ki pa nan lari a egziste toutolon pifò bòdmè Vil la ak nan anpil pak.



Koridò Pataje

Ni siklis ni chofè veyikil yo itilize koridò pataje yo. Yo make avèk “makaj vwa pataje” (senbòl bisiklèt ak giyemè) ak pano.




Liy Bisiklèt

Liy Bisiklèt yo pentire sou wout la, souvan yo toupre liy pakin nan, epi yo make avèk senbòl bisiklèt. Kèk liy gen yon tanpon pentire pou separe siklis yo pidevan avèk sikilasyon an.



Wout ki endike ak Pano


Wout ki endike ak pano yo se lari ki pa gen makaj epi ki deziyen avèk pano siyalizasyon “Bike Route” (Wout Bisiklèt) oswa yon pano an fòm medayon koulè vèt. Si siklis yo swiv pano yo, sa ap ede gide yo toutolon yon wout ki detèmine davans.



Itilize Kat Jewografik Ofisyèl Bisiklèt NYC pou planifye yon wout liy ki konekte yo. Gade kat jewografik la sou sitwèb nyc.gov/bikemap oswa mande yon kopi enprime depi ou rele 311.

Fason pou Sikile nan Ri Vil la

Ou gen dwa monte bisiklèt nan mitan liy kote machin yo pa sikile, si li nesesè pou sekirite ou.



SA POU FÈ

Montre ou previzib.

Toujou itilize siyal avèk men ou pou fè konnen entansyon ou.

Gade, bay siyal epi gade ankò anvan ou chanje liy.

Antre nan liy lan.

Antre nan liy lan lè w ap prepare pou vire, nan zòn ki gen fèb viziblite, ak nan kote lari a twò etwat pou kite yon bisiklèt ak yon veyikil pase kòt-a-kòt san pwoblèm. Oswa kote gen yon blokaj, ou bezwen vire.

SA POU PA FÈ

Pa antre-soti nan liy yo san rete.

Pa Kite “Pòt Machin Frape ou”

Siklis ki woule toupre machin ki pake yo fasil pou pòt machin ki louvri frappe yo. Kenbe distans ou epi rete vijilan.

SA POU FÈ

Kenbe distans ou omwen 3 pye avèk machin ki pake yo.

Siveye machin ki pake yo avèk anpil atansyon.

Siveye limyè aryè machin yo ansanm ak limyè limen/etenn anlè twa taksi yo pou kapab antisipe aksyon chofè machin yo ak pasaje k ap desann yo.

Woule nan sant “makaj vwa pataje yo”.

Nan vwa ki pataje yo, senbòl bisiklèt la ak makaj giyemè yo souvanplase pa twò lwen twotwa a pou ede ou evite pòt machin k ap louvri.



Li Wout la

Liy ki sou wout la kapab ede ou sikile nan lari a epi itilize wout la anmenmtan avèk lòt itilizatè yo.



Anjeneral, yon liy bisiklèt ki gen tirè endike machin yo ka antre nan liy bisiklèt la.



Yon liy pwentiye nan nivo mwaye blòk la endike yon vwa pasaj ki aktif.



Nan kalfou yo, yon liy pwentiye ki gen giymè yo endike machin yo gendwa vire travèse koridò a. Itilize makaj yo pou gide ou.




Yon liy jòn pwentiye nan sant koridò a ansanm ak flèch ki bay direksyon endike se yon koridò bisiklèt adoub vwa.

Sonje, siklis yo dwe deplase nan menm direksyon ak sikilasyon an, menmsi y ap deplase nan yon koridò bisiklèt.

Zòn Rankont yo

Zòn rankont yo se apwòch nan kalfou yo kote siklis yo ak veyikil k ap vire yo rankontre.



SA POU FÈ

Chèche veyikil k ap vire yo.

Antre devan oswa dèyè machin yo.

Pran tout liy la pou ou, si sa nesesè.

SA POU PA FÈ


Pa pase twò pre arebò twotwa a.

Pa double agòch yon veyikil k ap vire.

Si veyikil yo ap vire devan ou, deplase lwen direksyon kote l ap vire a.

Fason pou Sikile sou Bisiklèt Toupre Gwo Kamyon yo

Ang mò kamyon ak otobis yo pi gwo pase sa machin yo. Pa janm sipoze chofè yo kapab wè ou.



SA POU FÈ

Pozisyon tèt ou byen dèyè kamyon an lè l ap vire.

Kite kamyon an vire anvan ou avanse.

Lè ou sou bisiklèt kote otobis yo ap pase, pran prekosyon ou.

Otobis yo kanpe souvan arebò twotwa a.

SA POU PA FÈ

Pa woule bisiklèt ou ant yon kamyon ak yon ranje machin ki pake.

Siyale Entansyon Ou



AGÒCH



ADWAT



KANPE LA

Vizib depi dèyè.

Veyikil k ap Double

- 1 Gade nan nivo depase zèpòl ou pou veyikil yo.
- 2 Bay siyal anvan ou vire oswa anvan ou chanje liy.
- 3 Gade ankò pou asire pa gen pwoblèm pou avanse.
- 4 Fè depasman ou.

Siklis k ap Double

- 1 Gade nan nivo depase zèpòl ou pou veyikil yo oswa siklis yo.
- 2 Bay siyal anvan ou chanje liy yo.
- 3 Anonse entansyon ou pou double depi ou di “On your left” (mwen sou bò goch ou) oswa “On your right” (mwen sou bò dwat ou).
- 4 Fè depasman ou.

Vire: Estil Pyeton

Vire avèk sikilasyon pyeton yo lè limyè a chanje si gen anpil veyikil nan sikilasyon an oswa lè ou pa alèz pou chanje liy.




Vire: Estil Veyikil

Vire avèk sikilasyon veyikil yo lè pa gen pwoblèm pou chanje liy epi lè ou vle kenbe vitès ou. Estil sa a se pou siklis ki pi avanse yo.

Fè viraj ou tankou nenpòt lòt veyikil.


Lè ou wè ou ka ale, avanse avèk anpil prekosyon nan liy agòch la.

Gade epi tcheke de fwa pou siveye machin k ap vini yo. Bay siyal avèk men ou.



Vire: Itilize Zòn nan Entèseksyon yo ki Bay Siklis yo Priyorite

Zòn nan Entèseksyon ki Bay Siklis Priorite enstale kote de (2) amenajman bisiklèt kwaze pou ogmante viziblite siklis ki kanpe nan limyè wouj yo. Sa bay siklis yo yon pi bon pozisyon pou yo vire tou. Itilize yon zòn nan entèseksyon ki bay siklis priorite sèlman lè w ap pwoche nan kalfou a nan yon limyè wouj.



Take Li Kòrèkteman

SA POU FÈ



Itilize yon kadna ki gen fòm U ak/oswa yon chèn lou.

Mete plizyè kadna anmenmtan pou anpeche yo pa vòlè bisiklèt ou.

Take wou yo nan kad bisiklèt ou.

Take tout pati “ki fasil pou detache yo”.

Kite espas pou moun pase.

Itilize sipò ki la pou mete bisiklèt kote genyen ki disponib.

NON



WI



Take li!

Asire ou kapab leve bisiklèt ou anlè objè kote li take a.

SA POU PA FÈ

Pa take li nan pyebwa oswa nan griy tren yo.

Pa kite bisiklèt ou pou yon peryòd tan ki long.

Pa bloke aksè a.



Pote Bisiklèt ou Anndan Blding la

Si ou travay nan yon bilding biwo komèsyal ki gen yon asansè pou chay, lwa ki rele “Bikes in Buildings” (Bisiklèt anndan Blding yo) etabli yon fason pou anplwayè ou ka mande aksè anndan bilding lan pou bisiklèt ou.

Swiv etap sa yo:

1 Evalye Bezwen yo

Patwon an ap evalye kantite bisiklèt li ta renmen yo mete andedan bilding nan.

2 Prezante Demann Lokatè a

Patwon an ap fè yon Demann Lokatè ba Pwopriyetè oswa Manadjè Blding nan pou pakin bisiklèt yo.

3 Aplikasyon Pwopriyetè Blding nan

Nan 30 jou apre Pwopriyetè Blding nan resevwa Demann Lokatè a, li dwe aplike ak afiche yon *Bicycle Access Plan* (Plan Aksè pou Bisiklèt)

oswa

Mande yon eksepsyon pou A) yon lòt kote pou pakin bisiklèt yo oswa poutèt B) pa gen asansè pou monte chay nan bilding nan, 15 jou apre li resevwa Demann Lokatè a.



bikes in buildings

Pou jwenn plis detay ak fòm yo, ale sou sitwèb

www.nyc.gov/bikesinbuildings

Resous NYC konsènan Bisiklèt

Vil New York

Pwogram Depatman Transpò NYC pou Bisiklèt nyc.gov/bikes

Depatman Planifikasyon NYC nyc.gov/planning

Depatman Pak ak Lwazi NYC nyc.gov/parks

Citi Bike citibikenyc.com

Edikasyon ak Òganizasyon Defans Siklis

Bike New York bikenewyork.org

Bike the Bronx bikethebronx.com

Biking Public Project facebook.com/BikingPublicProject

Kidical Mass NYC facebook.com/kidicalmassnyc

Recycle-A-Bicycle recycleabicycle.org

QNS Bike qns.bike

Star Track Cycling startrack.nyc

Transportation Alternatives transalt.org

Klib Siklis

Century Road Club Association (Konpetitif) crca.net

Fast & Fabulous (LGBT) fastnfab.org

Five Borough Bicycle Club (Lwazi) 5bbc.org

Major Taylor Iron Riders (Lwazi) majortaylorironriders.com

New York Cycle Club (Lwazi) nycc.org

OUTCYCLING (LGBT) outcycling.org

Staten Island Bicycling Association (Lwazi) sibike.org

WE Bike (Fanm) webikenyc.org

Weekday Cyclists in NYC (Lwazi) weekdaycyclists.org

Gwoup Siklis Nasyonal yo

Bikes Belong bikesbelong.org

Black Girls Do Bike blackgirlsdobike.com

League of American Bicyclists bikeleague.org

National Center for Bicycling and Walking bikewalk.org



Vinn rejwenn milye rezidan Vil New York ki deplase ak bisiklèt toulejou.



Si ou vle yon Kat jewografik
Wout Bisiklèt NYC, rele 311
oswa ale sou sitwèb
nyc.gov/bikes



NYCDOT



NYC_DOT